Yogyakarta INTERNATIONAL AIRPORT
KULON PROGO

Semester Gasal



# REMEDIAL & PENGAYAAN



DITULIS MENGACU :
**KEPUTUSAN KEPALA BADAN PENELITIAN DAN PENGEMBANGAN DAN PERBUKUAN**
*No. 018/H/KR/2020*
TENTANG KOMPETISI INTI DAN KOMPETISI DASAR PADA KURIKULUM 2013 UNTUK KONDISI KHUSUS

NAMA : ..........................................................
KELAS : ..........................................................
SEKOLAH : ..........................................................

**DISUSUN OLEH KKG**
**untuk kalangan sendiri*

**KELAS**
**6**

## PENILAIAN HARIAN 2

## BAHASA JAWA

**UNTUK SD/MI**

**KURIKULUM TAHUN 2013 (KURTILAS)**

LIVEWORKSHEETS

# PENILAIAN HARIAN 2

**Penilaian Harian 2**

**KD 3.2**

**Wacanen kang patitis!**

**Mijil Ludira**

**Laras Pelog Pathet Barang**

2 3 5 6 6 6 6 6 5 67
De - da - la - ne wong kang da - di mu - rid

5 3 5 5 56 6
Ku - du an - dhap a - sor

5 6 7 56 3 2 2 2 2 327
Wa - ni nga - lah lu - hur we - ka - sa - ne

6 7 2 3 2 7 7 7 7 7
A - ja se - neng du - we wa - tak se - rik

2 3 3 3 3 3
Ba - pang den sim - pa - ngi

6 7 2 2 32 76
A - na ca - tur mung - kur

**I. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi adhedhasar tembang kasebut!**

1. Pira cacahe gatra tembang Mijil iku?
   Wangsulan : ______________________________
2. Kepiye guru lagune tembang Mijil iku?
   Wangsulan : ______________________________
3. Kepiye guru wilangane tembang Mijil iku?
   Wangsulan : ______________________________



LIVEWORKSHEETS

4. Kepiye becike dadi murid kang kaemot ing tembang iku?
   Wangsulan : ____________________
5. Apa tegese ukara ***ana catur mungkur***?
   Wangsulan : ____________________

**KD. 3.4.**

**II. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d ing sangarepe pratelan kang paling bener!**

6. Bu Wanti badhe kesah dhateng peken tumbas gendhis.
   Tembung kang salah trap-trapane ing ukara kasebut yaiku ....
   a. badhe, tumbas
   b. kesah, tumbas
   c. kesah, peken
   d. dhateng, peken,
7. Bma arep ngaturi simbah adus. Anggone ngaturi kang becik muni ....
   a. Mangga Mbah, kula aturi siram!
   b. Mangga Mbah, kula aturi adus!
   c. Mangga Mbah, adus riyin!
   d. Mbah, siram mrika!
8. Fahri arep mbagekake pakdhe kang rawuh ana omahe. Anggone mbagekake kang becik muni ....
   a. Mangga Pakdhe, mriki!
   b. Mangga Pakdhe, mlebet!
   c. Mangga Pakdhe, kula aturi lenggah!
   d. Mangga Pakdhe, kula aturi lungguh!
9. Nanda diparingi duwit simbah kanggo sangu sekolah.
   Anggone matur Nanda kang bener ...
   a. Meneh Mbah.
   b. Pira le maringi Mbah.
   c. Matur nuwun ya Mbah.
   d. Matur nuwun nggih Mbah.
10. Nalika mara tamu sadurunge mlebu omah ngucapake ....
   a. kula nuwun
   b. nuwun sewu
   c. sugeng sonten
   d. sugeng pinaggih
11. Anggone nyambut gawe klular-klulur kaya ....
   Tembung kang mathuk kanggo ngganepi pepindhan ukara kasebut ....
   a. ayam alas
   b. tuma kathok
   c. orong-orong kepidak
   d. nyangkem kodhok



LIVEWORKSHEETS

12. Wina lan Windri iku bocah kembar. Polah tingkah lan unggah-ungguhe bocah loro mau beda banget kaya ....
   a. banyu karo lenga
   b. bumi karo langit
   c. mimi lan mintuna
   d. geni lan urupe
13. Ardi mangkat sekolah ... udan deres.
   Tembung pangiket kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku ....
   a. dene
   b. mula
   c. nanging
   d. senajan
14. Mirwan ora gelem sinau ... sesuk arep wulangan tengah semester..
   Tembung pangiket kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku ....
   a. amarga
   b. jalaran
   c. nalika
   d. kamangka
15. Farhan nyapu latar ... Lintang nyirami taman.
   Tembung pangiket kanggo ngganepi ukara ing dhuwur yaiku ....
   a. dene
   b. mula
   c. nanging
   d. sebab

**III. Isenana nganggo tembung sing mathuk!**

16. Rafa arep ngaturi simbah ngombe wedang kopi.
   Anggone matur kang becik yaiku ....
17. Pak Hardi ... saka Jakarta wingi sore.
   Tembung kang mathuk kanggo ngganepi ukara kasebut manut unggah-ungguh yaiku ....
18. Safitri menehake roti marang Budhe.
   Tembung menehake manut unggah-ungguh kang bener yaiku ....
19. Bapak wangsul nalika adik dhahar.
   Tembung kang digaris ngisor benere ....
20. Kula dipun utus bapak ... dalemipun Pak Lurah.
21. Obate kudu diombe ... enggal mari larane.
22. Mbakyune jirih ... adhine kendel banget.
23. Manten wadon ayune kaya ....
24. Nuturi wong pinter prasasat ngajari bebek ....
25. Banu karo Danu iku bocah kembar kang praupane persis banget lan angel anggone mbedakake kaya jambe ....



LIVEWORKSHEETS

**IV. Wangsulana manut printahe!**

**KD. 3.5.**

**Tulisen nganggo aksara latin!**

26. 

Wangsulan : ______________________________

27. 

Wangsulan : ______________________________

28. 

Wangsulan : ______________________________

29. 

Wangsulan : ______________________________

30. 

Wangsulan : ______________________________

**KD. 4.5.**

**Tulisen nganggo aksara Jawa!**

31. Grebeg Sekaten

Wangsulan : ______________ 

32. Tandurane ngrembaka

Wangsulan : ______________ 

33. Kretege wis dadi

Wangsulan : ______________ 

| Nilai | Komentar Guru | Tandatangan | |
|---|---|---|---|
| | | Guru | Orang tua |
| | | | |



LIVEWORKSHEETS